Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№50 (26023)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 23 мартъи — тæргæйтты мæйы 23 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХÆРЗИУДЖЫТÆ
Хъæбатырдзинады тыххæй

3 ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Хъæбысхæст

Кусæг балц

«Мамысон»-мæ – уæлдай æргом

Мæскуыйы, кусæг балцы уæвгæйæ, РЦИ-Аланийы Сæргъæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр НОВАК цы æмбырд скодта, уым. Цæгат Ирыстоны Алагиры районы æххæст кæнынц туристон-рекреацион комплекс «Мамысон»-ы арæзтад, ууыл ныхас рауад.

Республикæйы размæдзыддæр проекттæй иу у туристон-рекреацион проект «Мамысон», æвæрд у Цæгат Ирыстоны экономикон рæзты бындуры. Сергей Меняйло æмбырды архайджытæн радзырдта, ныртæккæ куыстытæ куыд цæуынц, арæзт цы ‘рцыд, хæстæгдæр рæстæг цæмæ бавналдзысты, уыдæтты тыххæй. Йæ хатдзæгмæ гæсгæ, ныртæккæ рæзы курорты инфраструктурæ.

Курортмæ бацæуын цæмæй фенцондæр уа, уый тыххæй уал «Транскам»-æй Дæллаг Зæрæмæг-Мамысонмæ фæндаджы хай æмæ тъунел сцалцæг кодтой, рацарæзтой. Фæндаг нырмæ дæр æйфæфы арæзтадон куыстытæ, хъуамæ ацы азы кæронмæ срæвдз уа. Туристон комплексмæ æрдзон фæрæзтæ бахæццæ кæныны хъуыддаг дæр æнтысы, ныртæккæ уал курортмæ 2 километры газы хæтæлтæ бауагътой, бæрзонд вольттимæ дыууæ электрон тæлмы ауагътой, цæттæ сты æлхъывдад райсынмæ. Дыууæ резервуары æмæ доны æртæ цъайы бацæттæ кодтой, куыстмæ рæвдз у донисæн дæр.

Сергей Меняйло ма фæбæрæг кодта, комплексы коммерцион инфраструктурæ саразынæн резиденттимæ кæй кусынц, уый дæр. Уымæй дарддæр, æмбырды архайджытæ æргом аздæхтой, культурон бынты объекттæ, цыртдзæвæнтæ бахъахъхъæныны, сцалцæг сæ кæныны, зæххы фарстатæм.

РЦИ-Аланийы Сæргъæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Федералон зылдæй

Инженерон дæсныйæдтæм – уæлдай æргом

Уæрæсейы Федерацийы Президенты Æххæстбарджын Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий ЧАЙКА фембæлд Цæгат-Кавказаг федералон университеты ректор Дмитрий БЕСПАЛОВИМÆ. Ныхас рауад инженерон ахуырады рæзтыл.

Юрий Чайка куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ зылды инженерон дæсныйæдты кадавардзинад скуынæг кæныныл стыр куыст цæуы, комкоммæ – хъахъхъæнæн-промышленнон комплексы. «Федералон центр, регионты разамынд, уæлдæр ахуыргæнæндæттæ, профессион-техникон училищæтæ, куыстдæтджытæ иумæ архайынц ацы ахсджиаг фарстатыл. Фæлæ уæддæр ныр фарста боны фæткы ис», – загъта Æххæстбарджын минæвар.

Цæгат Кавказы федералон зылды Æххæстбарджын «Цæгат Кавказы хъахъхъæнæн-промышленнон комплексæн кадртæ цæттæ кæнын»-ы проект бахæс кодта федералон университетæн. Ис дзы цалдæр къæпхæны, раздæр уал сбæлвырд кæндзысты, кадртæ цас æмæ кæм нæ фаг кæнынц, дарддæр рауагъдонтæн куысты бынæттæ дæттыныл бацархайдзысты.

Федералон университеты ректор Дмитрий Беспалов куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æмгуыстады зындгонд фадæттæм бафтаудзысты инновацион регионалон программæ «Карьерон фæндаг хъахъхъæнæн-промышленнон комплексмæ». Æрыгон специалисттæ куысты ныллæууыны фæстæ исдзысты æххуысы мадзæлттæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, программæ фæахъаз уыдзæн специалистты куыстуæтты бауромынæн.

Уымæй уæлдай, университет химион промышленносты стырдæр куыстуæттимæ æмгуыстады фæрцы макрорегионалон инженерон скъолатæ байгом кæныныл дæр æрныхас кодтой. Уыдæтты руаджы химион промышленность кардрты кадавардзинад нал æвзардзæн. Фæбæрæг ма кодтой, нырыккон сидтыты сæрты ахизынæн инновацион фæзтæ аразыны фарста, уым пайда кæндзысты алыхуызон фадæттæй.

Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын Юрий Чайка фæсидт, цæмæй ацы нысантыл æппæт æмбæлгæ ведомствæтимæ бæрнонæй кусой.

Цæгат-Кавказаг федералон университеты пресс-службæ

Экологи

Быröндæттæ æвзарынц рекультиваци

Æрдзæн, адæмæн зианхæссæг, тæссаг сты æнæзакъон быröндæттæ. Цæмæй сæ тæссагдзинад иуварсгонд æрцæуа, уый тыххæй республикæ архайы национ проект «Экологи»-йы. Æнæзакъон быröндæттæ фæзындысты Дигора æмæ Беслæны горæтты.

Ныртæккæ уыдон бакусыныл куыст цæуы, куыд æнтысы, цаварæ тыхстдзинæдтимæ æмбæлынц, уый рабæрæг кæныны тыхæй РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Икъаты Русланбег** æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Бæззаты Вадимимæ** бабæрæг кодтой рекультиваций бынæттæ. Уым фембæлдысты горæтты разамонджытимæ, быröндæтты бакуыстыл архайæг куыстуæтты хицæуттимæ.

Ныртæккæ Беслæны объекты цæттæдзинад хæццæ кæны 94 процентмæ, Дигорайы та – 83 процентмæ. Суанг ивгъуыд æнусæй хъæбæрккоммуналон æппарæццæгтæ калдтой ацы бынæттæм, сæ бæрц у 963032 кубометры. Чъизигонд фæзуат ахсы 60700 кубометры.

Администрациты хицæуттæ куыд загътой, афтæмæй быröндæтты рекультиваци у горæтты экологи æмæ цæрджыты царды уавæртæ фæхуыздæр кæныны иу хай. Икъаты Русланбег куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æппæт куыстытæ хъуамæ ахицæн уой 2024 азы 30 апрелмæ. «Абон федтам дыууæ горæты рекультиваций бынæттæ, мæ бон зæгъын у: Беслæны йæ цæттæдзинад бæрзонд у. Дигорайы ма иу чысыл фæсте аззадысты. Уымæн бынат нæй, хъуамæ сæ бавнæлд фæтыхджындæр кæной. Быröндæтты рекультиваци у национ проект «Экологи» цардыл хуыздæр фæзыныны дæнцæг. Мингай бинонтæн уый фæуыдзæн рекреацимæ бавналыны тыгъдадау», – загъта Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Бæззаты Вадимы ныхасмæ гæсгæ, быröндæтты пайда кæнынц хуыздæр æмæ фадатджындæр технологитæй. «Фæстæдæр цæрджытæ æмæ экологтæ рæгъмæ рахæсдзысты, ацы бынæтты цы хъуамæ саразой, ахæм фæндæттæ. Кæмдæр бæлæстæ фæзындзысты, кæмдæр та – цъæх кæрдæгæй æмбæрзт уæлхох. Ахæм хъуыддæгтæ хъуамæ лыггонд цæуой, ам чи цæры, уыдоны бафæрсгæйæ. Сæ хъæлæстæ тынг ахсджиаг сты дарддæры нысантæн», – фæбæрæг кодта министр.

Бæззаты Вадим куыд радзырдта, афтæмæй республикæйы кæронмæ ахæццæ сты федералон проект «Сыгъдæг бæстæ»-йы куыстытæ. Иннæ быröндæттæм дæр æнхъæлмæ кæсы рекультиваци, уыдон æххæст кæндзысты федералон проект «Генералон æфснайд»-мæ гæсгæ. Фарон уыцы нысантыл бакуыстой Алагиры æмæ Æрыдоны ‘хсæн фæзуæттыл.

САУТÆТЫ Тамилæ

Æвдисæндартæ

Сæ бартæ сын бахъахъхъæдтой

Цæгат Ирыстонæй сæрмагонд æфсæддон операцийы 500 архайæгæн ратдзысты хæстон быцæуты æвдисæндартæ. Уый тыхæй фехъусын кодта Хуссайраг æфсæддон зылды прокуратурæйы пресс-службæ.

Уыцы хъусынгæнинаджы дарддæр куыд загътой, афтæмæй æфсæддонты бартæ бахъахъхъæныны фарс рахæцыд Дзæуджыхъæуы æфсæддон прокуратурæ. Уымæн æмæ, куыд сбæрæг, афтæмæй ахæм æвдисæндартæ 500 æфсæддонæн раттыны тыхæй гæхæттытæ афоныл не сцæттæ сты æфсæддон хæйттæй сæ иуы бæрнон кусджыты аххосæй. Уыцы æгъдаухæлд прокуроры хæдивæг бадардта командæгæнæджы цæстмæ.

Ныр сæрмагонд æфсæддон операцийы 500 архайæджы бартæ сæ бынат ссардтой, æмæ сын сæ хъæугæ æвдисæндартæ лæвæрд æрцæуæдзысты.

БУТАТЫ Азæмæт

Проект

Кæсагдарынæн – фæрæзтæ

Хъæууонхæдзарадон кооператив «Экокæсаг» райсдзæн паддзахадон æххуыс 22 милуан сомы. Кооператив архайы национ проект «Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомад»-ы.



Уыцы æхцайы руаджы хъæууонхæдзарадон куыстуаты коллектив кæсаг дарынæн сарæзта донуæттæ, балхæдтой ифтонггæрзтæ æмæ кæсагдарæн æрмæг. Ныр уал сæ фæзуаты ис кæфы хуызтæ дарæн фондз донуаты.

Продукцийы рауагъд схæццæ 14 тоннæмæ. Цæгат Ирыстоны агропромышленнон комплексæн кæсагдарынад ссис разагдæр къабаз. Республикæйы 56 хæдзарады иумæйагæй рауадзынц 6 мин тоннæйы. Экспертæ куыд зæгъынц, афтæмæй регионы хъомыс азмæ у 30 мин тоннæйы дæттын.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Дзырды фарн

Хуры цæст – нæ бæстæ,
хуры тын – нæ мад.

ХОЗИТЫ Яков

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **23 мартъийы,** республикæйы боныхъæд уыдзæн асæст, уардзæн. Уæлдæфы температурæ **7-9 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,18

Хурыскаст — 05,59
Хурныгуылд — 18,17

Валютæйы аргъ

Доллар — 92,77
Евро — 100,33

12 +

РÆСТДЗИНАД № 50 (26023) 2024 АЗЫ 23 МАРТЪИ — ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙЫ 23 БОН

Æмбырд

«Нæ сæйраг хæс – адæмæн лæггад кæнын»

Республикæйы районтæ æмæ Дзæуджыхъæуы социалон хъахъхъæнынады управленитæ æмæ социалон лæггæдтæ дæттыны комплексон центрты архайдмæ æркастысты, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым.

Цы фарстатæ рахастой боны фæткмæ, уыдонæн сæ сæйрагдæртæ – фиддонтæ афойнадыл фидын, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, бирæсывæллонджын бинонтæ æмæ сахъат адæмæн æхху уыс, социалон бадзырдтæ бафыссын, стæй сæрдыгон æнæниздзинад фидардæр кæны ны фарстатæм.

– Социалон æмæ демографион политикæйы фарстатæ, бирæсывæллонджын бинонтæ, хистæр фæлтæры æмæ, йе ‘нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы адæмæн æхху уыс махæн нæ сæйрагдæр хæстæ сты. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы фæдзæхстмæ гæсгæ, хъомысджындæр кæнынц граждæнтæн социалон æхху уысы мадзæлттæ. Мах хъæуы лæмбынæг æркæсын нæ иумæйаг архайдмæ, сбæрæг кæнын лыгæнинаг фарстатæ æмæ сæ аиуварс кæныны мадзæлттæ, – бафиппайдта Дзанайты Барис.

Профилон министр **Айдарты Алинæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй абон Цæгат Ирыстоны социалон æхху уысады фæрæстæ исынц 117 мин адæймагæй фылдæр. Кусы социалон æхху уысады 12 управленийы, уыдон федералон æмæ республикæйы закъонады бындурыл социалон æхху уысады мадзæлттæ æмæ алыхуызон фиддонтæ дæттынц, алывæрсыг æхху уыс кæнынц социалон æгъдауæй фæкæсинаг адæмæн.

Паддзахадон æхху уысады мадзæлттæ аразыны вазыгджын хай баст у бинонтæн сæ материалон уавæр уæлдæр æмвæзадмæ сисынимæ. Æхху уыс раттыны фарстайыл ма нæ хъæуы дарддæр бакусын.

Управленитæ иудадзыг сæ цæст дарынц фæкæсинаг, æнæххæст, бирæсывæллонджын, стæй, социалон æгъдауæй тæсфыст цæуынц алыхуызон фиддонтæ. Уыдонимæ, зæгъæм, æрвылмæйон фиддон, æртыккаг кæнæ цыппæрæм сывæллон куы райгуыра, уæд, стæй иу хатт кæй фидынц, ахæм фиддон «Фарн». Æхху уысадон мадзæлттæ Цæгат Ирыстоны исынц 49 мин бинонтæй фылдæр.

Сæйраг пълæнттыл дзургæйæ, Айдарты Алинæ фехъусын кодта, социалон æхху уысады управленитæм стыр бæрнон куыст кæй æнхъæлмæ кæсы. Уæрæсейы Президеты Указмæ гæсгæ, хъуамæ саразой бирæсывæллонджын бинонты номхыгъд, æмæ сахъат сывæллæттæ цы бинонтæн ис, уыдонмæ. Бинонтæн сывæллон куы райгуыра, сабитæ куы хъомыл кæной, уæд сын саг уавæры чи ис æмæ сахъат сывæллæттæ цы бинонтæн ис, уыдонмæ. Бинонтæн сывæллон куы райгуыра, уæд, стæй иу хатт кæй фидынц, ахæм фиддон «Фарн». Æхху уысадон мадзæлттæ Цæгат Ирыстоны исынц 49 мин бинонтæй фылдæр.

Сæйраг пълæнттыл дзургæйæ, Айдарты Алинæ фехъусын кодта, социалон æхху уысады управленитæм стыр бæрнон куыст кæй æнхъæлмæ кæсы. Уæрæсейы Президеты Указмæ гæсгæ, хъуамæ саразой бирæсывæллонджын бинонты номхыгъд, æмæ уый æхху уысæй ахæм бинонтæн льготæтæ раттыны хъуыддаг фенцондæр уыдзæн. Номхыгъд Уæрæсейы хъуамæ кусын райдайа 1 июлæй фæстæмæ. Уымæй уæлдай бирæсывæллонджын бинонтæн сæ статус бафидар кæнынæн хъуамæ дæттой федералон хуызæджы бæлвырдгæнæн (удостоверение).

Æмбырды ма ныхас цыди, социалон æхху уысады комплексон центртæ цы лæггæдтæ дæттынц æнæбонтæн, хæдзармæ сæм цæугæйæ, уый тыххæй. Куыд фехъусын кодтой, афтæмæй фарон 44 мин ацæргæ æмæ сахъат адæймагæй фылдæр райстой социалон лæггæдтæ.

12 комплексон центры архайынц 42 социалон æхху уысады хайады, уыдон абон авд мин адæймагæй фылдæрæн æхху уысад дæттынц. Искæй æхху уыс кæй хъæуы, уыцы ацæргæ граждæнтæ æмæ сахъат адæмæн лæггад кæнынц «Социалон рынчынгæс» æмæ «Хоспис – хæдзар»-ы куыстуæттæ.

Хицæнæй Дзанайты Барис бафарста, республикæйы цæрджытæй цавæр хъæстытæ æрбацæуы, æмæ сын министрад куыд баххуыс кæны, уый тыххæй.

Премьер-министр бафиппайдта, адæмы размæ æппæт социалон хæстæ хъуамæ æхххæстгонд кæй цæуой афойнадыл æмæ æнæкъуылымпыйæ. Социалон æхху уысады управленитæ хъуамæ адæмæн паддзахады социалон æхху уысадон мадзæлтты тыххæй афойнадыл хъусын кæной.

– Нæ сæйраг хæс у адæмæн лæггад кæнын. Курын уæ, уæ цæст фæдарут, кæмæн æмбæлы фидын, уыдонæн «нæ» зæгъыны æмæ æнæзакъонæй фиддонтæ дæттыны цаутæм. Фиддонтæ хъуамæ граждæнтæм хæццæ кæной æнæкъуылымпытæй, афойнадыл. Æз мæхæдæг бабæрæг кæндзынæн иу цалдæр центры æмæ бынæтты сæ куыстмæ æркæсдзынæн, – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

Хæрзиуджытæ

Хъæбатырдзинады тыххæй

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд, сæрмагонд æфсæддон операцийы, йæ хæстæ æхххæстгæнгæйæ, хъæбатырæй чи фæмард, уыцы хæстонты бинонтимæ.

Республикæйы разамонæг раздæр тæфæрфæсы ныхæстæ загъта æрбацæуæг адæмæн. Уый фæстæ та сын радта Лæгдзинады ордæнтæ, Уæрæсейы Президенты Указæй лæвæрд æрцыдысты сæ амæлæты фæстæ. Хæстон хæстæ æхххæстгæнгæйæ хиуыл нæ ауæрдгæйæ, хъæбатырдзинад æмæ æвзыгъддзинад равдисыны тыххæй хорзæхджын æрцыдысты ордентæй.

Фæмардуæвæг хæстонты бинонтæн Сергей Меняйло зæрдæ бавæрдта алывæрсыг æхху уысæй.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Федерацийы Советæй

Боны фæткы – Уæрæсейы регионты ахадгæ райрæзты стратегийы уагæвæрдтæ

УФ-йы Федерацийы Советы цы парламентон байхъуыстытæ сарæзтæуыд, уыдоны бæстон ныхас рауад Уæрæсейы регионты дарддæры ахадгæ райрæзты стратегийы уагæвæрдтыл (зындгонд куыд у, афтæмæй документыл куыст цæуы 2025 азы онг).

Цæгат Ирыстонæй байхъуыстыты архайдта æмæ раныхас кодта Федерацийы Советы уæнг **Виталий Назаренко**.

Æмбырды архайджытæ – хицаудзинады закъонæвæрæг æмæ æхххæстгæнæг оргæнты минæвæрттæ – фæндæттæ бахастой амынд стратегийы уагæвæрдтæ фæбæстондæр æмæ фæхъомысджындæр кæныны нысанимæ. Уыимæ, документы ног редакцийы хыгъд æрцæудзысты, æрæджы Президент **Владимир Путин** Федералон Æмбырдмæ йæ æрвылазон Ныстуаны бæстæйы дарддæры райрæзты сæраппонд цы ахсджиаг нысантæ сæвæрдта, уыдон дæр.

Виталий Назаренко йæ раныхасы бæстон æрлæууыд, Цæгат Кавказы федералон зылды регионтæн тыхстагдæр цы фарстатæ сты, уыдоныл. Зæгъæм, йæ хъуыдымæ гæсгæ, федералон зылды экономикæйы иуæй-иу къабæзты фаг нæй кусæг тых. Уыцы æмæ иннæ æууæлтæ къуыхцы кæнынц экономикон райрæзт. Бакусын хъæуы иннæ лыггæнинаг фарстатыл дæр.

Парламентон байхъуыстыты архайджыты фиппаинæгтæ æмæ фæндæттæ хыгъд æрцæудзысты Уæрæсейы регионты ахадгæ райрæзты стратегийы ног редакцийы.

ÆЛБОРТЫ Зæлинæ, УФ-йы сенаторы æхху ысгæнæг

Бинонты аз

Сыхбæстæн уарзон

Алы рæстæджы дæр адæймаг у цардаразæг, æмæ, артист Михай Волонтир куыд загъта, афтæмæй дæ царды фæндаг дæхæдæг куыд ахæццæ кæнай, афтæ ничи. Алы адæймаг дæр, уды æхххæстдзинадмæ тырнгæйæ, у æгъдаухæссæг æмæ хъуыддагыл хæст. Бæрнондзинад куы хæссай, фæнды – бинонты царды уæд, фæнды – бæрнон куысты мидæг, хъуамæ уай æхсæнадæн дæнцæг, дæ бон, дæ фадат куыд амоны, уымæй. Уымæн æмæ ахæм ныфсытæ адæймаджы кæнынц цардуарзон, монон æмæ удварны хæрзтæй хъæздыгдæр.

Æнгом бинонтæ та, баст куырисау, цъылынбыдау, иумæ тых сты. Хорз адæймаг алкæй дæр хъæуы, бацагурынц æй хъуыддаг барæсугъд, бапълан кæнынмæ бахъуаджы рæстæг. Ахæм адæймæгтæй фидауы бадт, бæрæгбон, стæй æнæуи хуымæтæг хъуыддаг дæр. Искæмæй хорз зæгъын дæр лæгдзинад у, фæзæгъынц.

Фæскуыст зонгæ адæймагимæ сæмбæлдтæн фæндагыл, æмæ, цалынмæ бынатмæ хæццæ кодта, уæдмæ мын дзырдта, сæ сыхы чи цæры, ахæм лæггадгæнаг сылгоймаджы тыххæй. Уый у Доваторы уынджы цæрæг, Октябрыхъæуæй рацæуæг **Хуыгаты-Туаты Осмæны чызг Людæ**.

– Хорз хæдзарвæндагæй рацыд, уый бæрæг у, нæ сыхбæсты йæхи куыд æвдисы ныр дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр, уымæй. Йæхицæй хуыздæр æмæ сæрæндæр сыхаг цæрынæн нæй. Уый нæ бирæуæладзыгон хæдзæрттæй кæмæн нæ балæггад кодта бахъуаджы рæстæг, цины уа, хъыджы, ахæм бинонтæ стæм разындзæн. Йæ арæхстдзинад, уæдæ кæрдзын кæнынмæ, раарфæ кæнынмæ æнæ уæлдай ми æмæ ныхасæй – алцыдæр дзы зæрдæмæ цæуы.

Людæйæн йæхицæн ис бинонтæ, йæ сæрыхицау **Хуыгаты Батрадз** у хæрзуд, уæздан адæймаг. Сæ дыууæ хæрзæгъдау чызджы Фатимæ æмæ Маринæ, сæ амæндтæ ссардтой æндæр мыггæгтæм, ис сын цот.

Уыдон арæх вæййынц сæ баба Батрадз æмæ нана Людæйы фарсмæ, уарзынц сæ æгæрон уарзтæй. Æхху ысхъуаг ницæмæй сты, фæлæ сын æнæ кæрæдзи цард ад нæ кæны. Уыцы хорз ахаст кæуылты у хистæртæн, бабуц сæ вæййынц. Уалдзыгон дидинджытау, барухс кæнынц зæрдæтæ, æмæ та Хуыгаты райдзаст къонайы айзæлы кæстæртæ Лерæ æмæ Георы хъуызгæ ныхас, куы та – Дианæ æмæ Идæйы зæлланг хъæлæстæ нанайы цинтæй.

Хорз у цард кæстæрты ныфсæй, сæ рæсугъддзинадæй, уыдон сты хистæртæн сæ хурыскаст æмæ сæ буц фидæн.

ТОХТЫ Хуанæ

Парламентæй

Депутаттæ – Горæтгæрон районы

Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз. Ацы хатт депутаттæ абалц кодтой Горæтгæрон районмæ.

– Советы уæнгтæ ма Горæтгæрон районы куы уыдысты, ууыл рацыд афæдз. Адæмæн сæ цард фæхуыздæр кæныны тыххæй районы разамындæн йæ размæ уæд цы фарстатæ уыд, уыдон куыд лыггонд æрцыдысты, стæй, уыцы нысанимæ хаст уынаффæтæ æхххæстгонд куыд æрцыдысты, уымæн аргъ скæнын æмæ районы размæцыдæн ахъазгæнæг хуыддæгтæм дарддæр æркæсын у не ‘рбацыды нысан, – йæ разныхасы загъта Тускъаты Таймураз.

2023 азы Горæтгæрон районы социалон-экономикон рæзт æмæ национ проекттæ æхххæст кæныны хатдзæгты тыххæй, стæй ацы азы нысантыл уыд йæ раныхас районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Есиаты Русланæн*.* Куыд загъта, афтæмæй районы бюджеты иумæйаг æфтиæгтæ 2023 азы рауадысты 1 миллиард 999 милуан сомы. Уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, фæфылдæр сты 149,6 милуан сомæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, районы ивгъуыд азы социалон-экономикон къабазы бæрæггæнæнтæ банымайæн ис хорзыл, æмæ се ‘ппæтыл дæр бæстон æрдзырдта.

Раныхасы фæдыл фарстытæ уыд Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимурмæ**, депутаттæ **Остъаты Георгимæ, Джиоты Георгимæ, Бæззаты Аланмæ*.***

Горæтгæрон районы экономикон уавæры æмæ йæ гæнæнты тыххæй ныхас кодта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег*.*** Куыд загъта, афтæмæй, район цæмæй ныфсджын къахдзæфтæ кæна дарддæр дæр, уымæн ын ис æппæт гæнæнтæ, сæ сæйраг – бынæттон хиуынаффæйады оргæнты æнтыстджын æмæ хæдзардзин куыст, стæй æппæт къабæзты æмархайд.

Социалон политикæйы фарстатæм Горæтгæрон районы куыд каст цæуы, уый фæдыл ныхас кодта Парламенты социалон политикæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ*.*** Уый йе ‘ргом аздæхта адæмы царды хæрзхъæддзинадмæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, адæмæн сæ царды уавæртæ хорз уæд уыдзысты, æмæ сын аккаг куыст куы уа, се ‘фтиæгтæ зæрдæмæдзæугæ куы уой, медицинон лæггæдтæ, ахуырады уавæртæ, æндæр социалон фарстатæ нывыл куы уой, уæд.

Горæтгæрон районмæ йæ кусæг балцы рæстæг Тускъаты Таймураз бабæрæг кодта Октябрыхъæуы центрон рынчындон æмæ фыццæгæм астæуккаг скъола. Бындурон цалцæджы куыстытæ рынчындоны цыдысты 2020-2022 азты, æмæ дыууæ азмæ йæ хуыз бынтондæр аивта. Фæнывыл сты йæ уавæртæ æмæ йæ гæнæнтæ дæр. Фæзынд сæм ног медицинон техникæ. Сæйраг дохтыр **Наниты Аскер** куыд радзырдта, афтæмæй, йæ хъомысмæ гæсгæ, рынчындон иу радмæ лæггад кæны 600 адæймагæн.

Октябрыхъæуы фыццæгæм астæуккаг скъола рацарæзтой «Ахуырады райрæзт»-ы паддзахадон программæйы фæрцы. Ахуырдзауты нымæц дзы у 800. Йе ‘нæниздзинадмæ гæсгæ йæ авналæнтæ цыбыр кæмæн сты, ахæм сывæллæттæн дæр дзы ис ахуыр кæныны гæнæнтæ. Скъолайы директор **Дзабиты Аслан** куыд радзырдта, афтæмæй сæм ис дыууæ профилон къласы: химико-биологон æмæ наукон-æрдззонынадон, стæй ма профилы агъоммæйы æртæ къласы. Ахуырдзауты дзы цæттæ кæнынц сæ фидæны равзæрст дæсныйадмæ, алы сывæллонæн дæр йæ курдиат æмæ йæ гæнæнтæ куыд амонынц, уымæ гæсгæ. Скъолайæн ис бастдзинæдтæ уæлдæр ахуыргæнæндæттимæ, стæй «Къомайты Русланы номыл космонавтикæйы скъола»-имæ. Уымæ гæсгæ районы скъола æхххæст кæны космонавтикæ æмæ астрономиимæ баст уæлæмхасæн ахуырадон программæ дæр.

Тускъаты Таймураз ма бабæрæг кодта, Иры хъæуы чи æрбынæттон, æнæхххæст бæрнондзинады уыцы æхсæнад «Мясной дар». Куыстуаты директор **Кокайты Артуримæ** Парламенты Сæрдар æрзылд цехтыл, базонгæ, цы продукци уадзынц, уыимæ. Кокайы-фырт куыд загъта, афтæмæй пайда кæнынц, куыд бынæттон, афтæ æндæр рæттæй æрбаласгæ хомагæй дæр. Йæ ныхасмæ гæсгæ, куыстуат зынгæ фæхъомысджындæр, уыимæ, фæфылдæр сæ кусджыты нымæц дæр.

Йæ балцы кæрон Октябрыхъæуы Культурæйы хæдзары Тускъаты Таймураз фембæлд районы культурæйы къабазы кусджытимæ. Ныхас цыд, рæзгæ фæлтæры хъомылады, сæ удварн сын бахъахъхъæнины хъуыддаджы культурæйæн, стæй уæлæмхасæн ахуырадæн цы стыр ахадындзинад ис, ууыл. Районы культурæйы къабазы кусджытæй цалдæры Тускъаты Таймураз схорзæхджын кодта РЦИ-Аланийы Парламенты Кады гæххæттытæй.

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Цардæй ист нывтæ

«Дæсны дохтыр»

Дыууæ сыхаг бинонтæ цардысты тынг лымæнæй. Сæ цæхх æмæ кæрдзынмæ-иу кæрæдзимæ арæх фæдзырдтой. Фæлæ...

Иуæн дзы йæ хъуг фæрынчын, æмæ фыртыхстæй йæ сыхагмæ бадзырдта, мæ хъуг цыдæр кæны, æмæ ма йæм æркæс, зæгъгæ. Сыхаг бахызт лæджы фæстæ скъæтмæ. Кæсы, æмæ хъуг адаргъи. Цы кæны, зæгъгæ, йæ фæрсы, æмæ, дам, æртæ боны афтæ тъигъа кæны, æмæ йын цы бачындæуа, уый нæ зонын. «Марадз ма, фанар рахæсс», – дзуры хъуджы хицаумæ сыхаг лæг.

Фанар æрбахаста æмæ йæ «дохтырмæ» радта. Дæ хъуджы къæдзилыл ма схæц, зæгъгæ, æмæ хъуджы хицау къæдзил уæлиау систа. Сыхаг лæг къæдзилы бынмæ фанар тилы куы иуæрдæм, куы – иннæрдæм.

Уæд æй хъуджы хицау фæрсы: «Ныр, Æккæ, фанар хъуджы гуыбынниз куыд бауромдзæни?» Æккæ йæм дзуры: «Ау, фанар стыр поезд куы бауромы, уæд дæ хъуджы гуыбынниз нæ бауромдзæн?» – æмæ Æккæ – лидзгæ.

Йæ маст райста

Хæсты фæстæ Ирыстоны хъæутæй иуы цардысты, мæнæ «пъæлицæйæгтæ» кæй хуыдтой, ахæм дыууæ лæджы. Адæм сæ зыдтой, немыцмæ куыстой, уый, фæлæ кæй никæй хъыгдардтой, уымæ гæсгæ сын сæ цæстмæ уый никуы дардтой. Адон æдзух иу ностуарзаг лæджы мæстæй мардтой, æргом дæр-иу ыл худтысты. Ныр сын цы бакæнон, зæгъгæ, фæхъуыды кодта æмæ ссардта, йæ маст куыдæй райса, уый.

Иу зымæгон бон цалдæр лæджы бадынц куырдадзы дуармæ, сæ зæронд стджытæ тавынц хурмæ. Ацы мæстæйдзаг лæг сæм фæстæрдыгæй бахъуызыд æмæ ныхъхъæр кодта: «Хай Гитлер!». Лæгты 'хсæнæй ацы дыууæ лæджы фæгæпытæ кодтой, сæ иугай къухтæ размæ феппæрстой, æмæ «Хай! Хай! Хай!» дардыл айзæлд.

Уайтагъд хабар фембæрстой, куы никæй федтой, уæд. Адæм гуыбындихтæ фесты.

«Нæхи картоф æнæкъахт у»

Картофкъахæнты рæстæг сыхы лæгтæ сихор хордтой Дзæбеджы кæрты. Æмбис бадт дæр нæма уыдысты, афтæ уынгæй сæ сыхаг Дзæнæтханы хъæр-хъæлæба æрбайхъуыст: «Судзгæ æнæрай скæн дæ хуытæй, дæ зæронд сæр дын бахæрæнт, бабын мæ кодтой». «Цы кодтай, Дзæнæтхан, дæ сæрыл куы систай æнæхъæн сых», – дзуры йæм Дзæбег. «Цы



кодтон, цы, дæ хуытæ мын мæ картоф скъахтой, иу дæр сæ мауал уа», – æрдиаг кæны сыхаг ус. Уæд дын Дзæбег афтæ бакодта: «Ныр уыдон æцæг хуытæ не сты, нæхи картоф æнæкъахт у, уыдон бавдæлдысты æмæ Дзæнæтханы картоф раздæр скъахтой!». Йе, мардзæ, худæджы хос фæцис се 'ппæтæн дæр.

БАЛАТЫ Эльбрус,
Хъæдгæрон

Уæ фæндонмæ гæсгæ

Сæлбиты Верæйы зарæг

ДЗУГАТЫ Бартуйы мелоди, АНДИАТЫ Мæхæмæты ныхæстæ

Цæйут-ма, фæсивæд, цæйут-ма, лæппутæ,
Æрбалæууæм иумæ æнгом, ой!
Ныззарæм нæ зарæг Сæлбиты Верæйыл,
О, макуы ферох уа йæ ном, ой!

Райгуырæн бæстыл фæдисхъæр куы фæцыд,
Ызнаг нæм куы сласта йæ кард, ой, –
Бæргæ ма ныттыхсти æнахъом хъæбултыл,
Йæ кæуын уромгæйæ, мад, ой!

«Гæнæн нæй, фæразут, мæ хуртæ, мæ мæйтæ,
Зæгъын уын рæстæгмæ хæрзбон, ой!
Уæ фыдимæ иумæ нæ бæсты сæрвæлтау,
Знагимæ хъуамæ хæцон», ой!

Йæхи цотау уарзта хъæбатыр хæстонты,
Æйнæфтой дзы алкæд рæвдыд, ой!
Уый сидти ныфсхастæй: «Мæ уарзон бæстонтæ,
Уæлахизмæ размæ цæуæм! Ой!

О, зонут, уæ кадыл уæлахизы фæстæ
Нæ кæстæртæн зæлдзæн сæ зард», ой!
Сæлбиты афицер, ды Райгуырæн бæстæн
Нывондæн æрхастай дæ цард, ой!

Нывгæнæг мидбылты худы

СЛАНТЫ Русланы конд ныв

– Лæппу нын куы райгуырд,
уæд мын мæ хъустæ ныйивæзтой...

Цæрæгойты дунейы

Нæ хъазтæ фæтæргай сты

Кæддæр нæм бирæ хъазтæ уыд. Кæрæдзи фæстæиу, æфсæддонтау, рæнхъæй куы æрбацæйцыдысты, уæд сæ зæрдæ рухс кодта. Куы-иу сæм фæсидтыстæм, уæд-иу сæ базыртæ сцагътой, сæ цины уаст-иу райхъуыст. Нæл хъаз æдзухдæр сæ разæй цыдис, æмæ иннæтæ дæр уымæй ныфсджын уыдысты. Уыдоны хъахъхъæнгæйæ-иу куыйтыл дæр йæхи сыфсыфгæнгæ бауагъта, æмæ дзы æдас нæ уыдысты.

Нæ хъæдын кулдуары бацæуæн къаддæр дуар дыууæ гæрзæй æхгæнгæ æмæ гомгæнгæ уыд. Иуыл дзы æрхæц, дуар рахгæн, стæй йæ суæгъд кæн, æмæ йæ сæхгæндзынæ. Иннæ гæрзыл æрхæц, æмæ дуар байгом уыдзæн. Уыцы сусæгдзинад хъазтæ базыдтой, нæл хъаз-иу йæ къубал сивæзта, æрхæцыд-иу гæрзыл, æмæ-иу дуар байгом. Йæ фæстæ-иу иууылдæр бараст сты кæртмæ.

Æрцыд-иу ахæм рæстæг, мæ мад хъазтæн сæ пакъуы базтæн куы тыдта. Иугай сæ тыдта, æмæ-иу сарайæ сæ хъихъхъ-хъихъхъ цыдис. Æз сын тæригъæд кодтон æмæ-иу мæхи айстон, сæ уаст мæм кæдæм нæ хъуыстаид, ахæм ранмæ. Æнæуый та диссаджы ногуард миты хъæпæны хуызæн базтæ уад сæ пакъуыйæ. Ахæм базыл хуысгæйæ-иу мæ фæллад уайтагъд æрбайсæфт.

Бинонтæн æнцон уыд, мæ мады пакъуыдзагъд базтыл хуысгæйæ, фæлæ хъазтæн та, хъазтæн?!

Иуафон та сæ мæ мад тынд куы фæцис, уæд сæ лæгуынриутæй уынгмæ рауагъта. Ай нæ кæдмæ тухæнæй мардзысты, зæгъгæ, хъазтæ бæрзонд сæхи систой, быдырæрдæм сæ ныс сарæзтой, æмæ сæ нæ цæст дæр нал федта. Кæдæмдæр атахтысты. Æвæццæгæн, фæтæргай сты. Агурынмæ сæм ацыдыстæм, фæлæ – никуы æмæ ницы. Кæмыты фæрахау-бахау кодтой, хæйрæг йæ зонæг, фæлæ йæ куы базыдтой, сæхи хæдзарæй хуыздæр сын уæддæр никуы уыдзæн, уый, уæд та кæсæм, æмæ, нæл хъаз сæ разæй, афтæмæй æрбацæуынц, нæ уындмæ цины хъæлæбагæнгæ...

Фæзындис нæм хъазы цъиутæ дæр. Иу сæумæрайсом та сæ, хорз бафсадыны фæстæ, быдырмæ хизынмæ рауагътам. Куыд изæр кодта, афтæ арв сау хъулæттæ кæнын райдыдта. Дымгæ мигътæ фатдзæгъдæнæй цæгъдæгау цагъта. Уалынмæ – их тыхдымгæимæ. Бирæ нæ ахаста, фæлæ уæддæр йæ фыдгæнд бакодта... Нæ хъазтæ æрæгмæ куы цыдысты, уæд сæм нæ зæрдæ ахсайдта, уæлдайдæр сæ лæппынтæм. Мæ мадимæ сыл нæ цæст хъæугæрон быдыры астæу æрхæцыд, иу ран æрæмбырд сты æмæ нæ куы федтой, уæд, мæрддзыгой сылгоймæгтау, скæуæгау кодтой, мæнæ ма æркæсут, цы бæллæх ныл æрцыд, зæгъгæ. Дыууæ лæппыны дзы их ныххоста, æмæ мардæй лæууыдысты. Куыдтой сæ хъæбулты мæрдæй æмæ сæ сæ къах хæдзармæ нæ хаста. Абон дæр ма мæ цæстытыл уайы уыцы ныв...

АБАЙТЫ Эдуард

Æмбисæндтæ

Куыдзы 'мгад.
Куыдзыл дзыкка нæ бады.
Мæ куыдз дын фæлдыст фæуæд, мæ хæрæг!
Фыдномхæссæг адæмæй æлгъыстаг у.
Фыдномгæнæг мыггаджы сафы.

Адæймаджы худинаг сапонæй цæхсгæ нал у.
Сауджын дæр ыл нал саргъаудзæн.
Худинагæй тæрсын хъæуы.
Мæлæтæй ма фæтæрс, худинагæй тæрс.

Худинагæй куы тæрсай, уæд дыл не 'рцæудзæн.
Æгас Калак иу худинаджы аргъ нæу.
Худинаг мыггагæн иумæйаг у.
Фыдкомæй фыдæндæгъд хуыздæр у.

Хъæлдзæг ныхæстæ

Ус æмæ лалым

Ус йæ лæгæй нал фæрæзта: алы бон хæдзармæ цыдис расыгæй. Иу бон самал кодта лалым. Ныддымста йæ æмæ йæ æхсæвы хуыссæны йæ фарсмæ сæвæрдта.

Лæг сæ хæдзармæ æнафоны куы 'рбацыд æмæ усы фарсмæ «кæйдæр» куы ауыдта, уæд арвы цæфау фæцис. Æбуалгъ хъуыдытæ ныццавтой сæры магъзы. Æвиппайды сын раскъæфта сæ хъæццул. Йæ усы фарсмæ лалым куы ауыдта, уæд фæуыргъуыйау.

– Ай циу? – нæма æууæндыд æххæст йæ цæстытыл.

– Дæ хæдивæг. Цы уæлдай уæ ис. Дæуау ма хуыр-хуыр уæддæр нæ кæны.

Чи тыхджындæр у?

– Афæхъо, ахæм ныхас фæзæгъыс, æмæ дын æй хæрæг уаргъæн нæ ахæсдзæн.

– Уым диссагæй ницы ис. Афтæ 'нхъæлыс, хæрæг дæуæй тыхджындæр у?

Бирæгътæ

Иу мæгуыр усы хъуджы быдыры бирæгътæ аргæвстой æмæ йæ фæйнæрдæм ивазынц. Уый сæм, йæ рустæ тонгæ, дардæй кæсы, стæй йæ бон куы базыдта, уæд хъæумæ кæугæ æрбацыдис æмæ дзуры:

– Бирæгътæ дæр æмхуызон не сты, нæ: мæгуыры фарс чи хæцы, ахæмтæ дæр дзы ис. Дыууæ бирæгъы дзы сæ уды къубал скъуыдтой, иннæ бирæгъты дзыхæй йæ мердæм ластой.

Дам-думтæ

– Искæй мæнг дам-думтæ адæмы 'хсæн цæмæн хæлиу кæныс? – иу усæн бауайдзæф кодта йæ сыхаг.

– Уæдæ цы кæнон, кæд æмæ мæхæдæг дам-думтæ мысын нæ зонын, уæд? – дзуапп ын радта ус.

Раст лæг

Цардысты æмæ уыдысты æртæ æфсымæры. Уыдонæй дыууæ уыдысты къæрныхтæ æмæ кодтой давыны куыст. Æртыккаг та уыд раст лæг. Иухатт æй йæ ус иу ран нал уадзы:

– Ды дæр ма исты радав. Де 'фсымæртæм нæ кæсыс?

– Хорз, – загъта лæг.

Иу æхсæв ацыд къæрныхы æмæ йæхи хъуг радавта, фæдзырдта йæ усмæ æмæ йæ мæйдары аргæвстой. Лæг зæгъы йæ усæн:

– Цырагъ рахæсс æмæ йæ бастигъæм.

Ус цырагъ рахаста æмæ рухсмæ сæхи хъуджы куы базыдта, уæд йæ рустæм фæлæбурдта.

Уæд æм йæ лæг дзуры:

– Гормон, æз кæй хъуг радавон, уый дæр афтæ æрдиаг кæндзæн, æмæ тæригъæд у, тæригъæд!

«Ирон хъæлдзæг ныхæстæ».
Дзæуджыхъæу, 1976 аз

Саби дзы куы нæ зæгъа!

Ирон сывæллон сын куы райгуыра...

«Зынджы къæрттау, ирон лæг, дард фæхаудтæ», – загъта кæддæр поэт, æмæ уыцы ныхæстимæ куыд хъуамæ не сразы уæм? Абон ироныл фембæлæн ис дунейы алы къуымы дæр – чи куыстагур араст, чи – амондагур, чи та йе 'хца цы фæкæна, уый нæ зоны, æмæ уымæн. Уæдæ нæ чызджытæй дæр бирæтæ ирон лæппутыл нал æрвæссынц, æмæ уый хыгъд абон Ирыстонæн цы нæ хуызы сиахс æмæ хæræфырт ис, ахæм нал баззад: саутæ, буртæ, мыдхуызтæ...

Мæ фыды 'фсымæр нæ фарсмæ царди. Йæ ус Зæрæдайы хо дæр йæ рæстæджы Астæуккаг Азимæ афтыд æмæ уым таджиккаг мой скодта. Дуне цот ын дзы рацыд. Хæрзæрæджы йæ лæппутæй иу, Файзулло, æд ус йæ мадыхомæ ссыд уазæгуаты. Зæрæда ма сын фырцинæй цы акодтаид, уый нал зыдта. Дзаджджын уæливыхтæ, карк, халсартæ, дыргътæ... иу загъдæй сæ уæларвмæ систа, зæдты æмрæнхъ сæ сбадын кодта æмæ сæ бынмæ нал уагъта. Куы æризæр, уæд Зæрæда хъуамæ ацыдаид æхсæвы сменæмæ рынчындонмæ, уым медицинон хойæ куыста. Уазджытæн йæхи уаты хуыссæн бакодта, бинонтыл сæ бафæдзæхста æмæ ацыд.

Райсомæй уынгмæ рацыдысты таджиккæгтæ, æмæ сæ ме 'фсымæры лæппу Ацæ куы федта, уæд йæ бабуйы фæрсы:

– Уазджытæ дысон ам баззадысты?

– О, – дзуапп радта фыдымад.

– Æмы кæм хуыссыдысты?

– Зæрæдайы уаты.

– Уæдæ сын, æвæццæгæн, ирон сывæллон райгуырдзæн, – сагъæсхуызæй бафиппайдта цъæхæйрæгъæд.

Фаинæ Раневская загъта...

***

Советон Цæдисы адæмон артисткæ Фаинæ Раневская: «Райсом у мæ райгуырæн бон, хонгæ никæй кæнын, фæлæ мæм цæуынвæнд исчи куы скæна уæддæр, уæд-иу дуар къахæй æрбахойут, уæ къухтæ лæвæрттæй дзаг уыдзысты, æмæ дзæнгæрæгмæ куы нæ сарæхсат!..»

***

Раневская фæсспектакль стæвд, схид æмæ йæ уæлæ ницыуал дзаума ныууагъта, афтæмæй, гримеркæйы бадгæйæ, «папирос» ссыгъта. Куыддæр дзы иу улæфт скодта, афтæ йæ агъуыстмæ æнæнхъæлæджы æрбахызт театры директор Валентин Школьников. Куыддæр бæгънæг сылгоймаджы ауыдта, афтæ фæстæмæ фырдисæй акъахдзæф кодта. Фаинæ йæм дзуры: «Ницы дæ хъыгдары, тамако кæй дымын, гъе уый?».

***

Цард у иу гыццыл тезгъо – æнустæм фыны размæ.

***

Раневскаяйы зонгæ чызг æппæлæгау дзуры, знон, дам, ахæм хæдзары уыдтæн, æмæ сын дыууæ сахаты фæзарыдтæн!..

– Афтæ сын хъæуы, æз дæр сæ мæ удхæссæг уынын, – бакодта Раневская!

***

«Сылгоймаг нæлгоймагæй фæстæдæр амæлы, – загъта Раневская, – уымæн æмæ цæрæнбонты æрæджытæ кæнынц!»

Фарс бацæттæ кодта
ГАПБАТЫ Алетæ

Спортивон фидиуæг

Хъæбысхæст

Æртæ хæрзиуæджы рамбылдтой

Грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ цыдысты дагестайнаг горæт Каспийскы.

Ерыстæ цыдысты фæсивæды ‘хсæн (23 азы онг), æмæ дзы цы ‘ртæсæдæмæ ’ввахс богалы хæцыд, уыдонимæ уыдысты уыдысты Ирыстоны цыппар минæвары.

Нæ богæлтты нымæц кæд афтæ гыццыл уыд, уыддæр сын бантыст дыууæ сыгъзæрин æмæ иу бронзæ хæрзиуæджы рамбулын. Сыгъзæрин майдантæй хорзæджынгонд систы тренер **Хуыгаты Аланы** хъомылгæнинæгтæ **Теблойты** дыууæ æфсымæры **Даниэл æмæ Давид.**

Даниэл 1-аг бынат рамбылдта, 60 кг онг уæзы хæцгæйæ, Давид та æнæкъуыхцы уыд 72 кг онг уæзы. Хуыгаты Аланы иннæ хъомылгæнинаг **Тедеты Тотрадз**, 77 кг онг уæзы хæцгæйæ, рацыд 3-аг бынатмæ.

Ныр не ‘ртæ лæппуйы сæхи цæттæ кæндзысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм, апрелы цæудзысты Комсомольскы-на Амурейы.

Ирон богал – Канадæйы чемпион

Канадæйы горæт Оттавæйы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты бæстæйы чемпионаты ерыстæ.

92 кг онг уæзы чи ерыс кодта, уыдоны ’хсæн фесгуыхт ирон богал **Арсæгты Зауыр.** Ерысты кæронбæттæны Зауыр фæуæлахиз Канадæйы раздæры чемпион **Михельджит Гриолыл** æмæ ссис ацы бæстæйы чемпион. Зауырæн ахæм уæлахиз уыд дыккаг хатт. Уый 2023 азы чемпионаты дæр бацахста 1-аг бынат æмæ ныр у Канадæйы дыууæ хатты чемпион. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Зауыры хо **Арсæгты Дианæ** дæр сылгоймæгты ’хсæн уыди Канадæйы цалдæр хатты чемпионкæ.

Арсæгты бинонтæ Канадæмæ афтыдысты дыууадæс азы размæ. Уым сывæллæтты мад æмæ фыд — Æхсарбег æмæ Зæлинæ куыст ссардтой сæ дæсныйадмæ гæсгæ. Сæ сывæллæттæ Дианæ æмæ Зауыр, скъолайы ахуыр кæнын куы райдыдтой, уæд Дианæ 12-аздзыдæй фæцалх уæгъдибар хъæбысхæсты тренировкæтæм цæуыныл. Йе ‘мгæртты ’хсæн æмбулын райдыдта, алыхуызон ерысты архайгæйæ, фæстæдæр та хистæр кары ссис Канадæйы дыууæ хатты чемпионкæ. Уыцы уæлахизты фæрцы йын уæлдæр ахуырадон уагдоны скодтой бынат, æмæ ныр 21-аздзыд Дианæйæн ис æмбæлгæ уаварæтæ аслам аргъæй уæлдæр ахуырад райсынæн.

Йæ хойы бафæзмыдта йæ кæстæр æфсымæр Зауыр дæр, æмæ 19-аздзыдæй ссис Канадæйы дыууæ хатты чемпион 92 кг онг уæзы. Йæ фыдыфсымæр Юрий куыд зæгъы, афтæмæй Зауыр тырны дунеон ерысты фесгуыхынмæ æмæ йæхиуыл кусы зæрдиагæй. Тынг æй фæнды намыстджын ирон богæлтты бафæзмын, æмæ йын уый бантысæд!

БАСКАТЫ Уырызмæг

Зынаргъ хæлæрттæ!
Нæ дзæбæх æмкусджытæ!

Культурæйы кусджыты Æппæтуæрæсеон профцæдисы Цæгат Ирыстоны организацийы номæй уын зæрдиаг арфæ кæнын уæ профессион бæрæгбон – Культурæйы кусджыты боны фæдыл!

Бæрзонд æмæ кадджын хæс райстат сымах уæхимæ не ’хсæнады, нæ адæмы размæ. Музейты, чиныгдæтты, аивæдты скъолаты кусджытæ, театртæ æмæ концертон иугæндты, сфæлдыстадон цæдисты архайджытæ, культурæйы хæдзæртты, горæттæ æмæ хъæуты клубты, хихъæппæрисадон коллективты специалисттæ – иууылдæр æххуыс кæнут, адæм æнусты дæргъы цы удварны хæзнатæ æрæмбырд кодтой, уыдон бахъахъхъæнынæн, фидæны фæлтæртæм сæ ахæццæ кæнынæн. Алы бон дæр хæссут адæммæ зæрдæхæлардзинады тæгтæ æмæ рухсы тынтæ, ахуыр сæ кæнут, адæймаг адæймаг цæмæй у, уыцы рæсугъд æууæлтæ æмæ миниуджытæ æмбарыныл. Уæ æнæзæрдæхудт куысты фæрцы культурæ, куыд не ’хсæнады архайды сæйрагдæр хæйттæй иу, ахсы бæрзонд бынат нæ царды.

Мæ зæрдæ уын зæгъы ног профессион уæлахизтæ æмæ ма бирæ азты æнтыстджын сфæлдыстад. Нæ Ирыстоны культурон традицитæ æмæ исбон та азæйазмæ хъæздыгдæр æмæ бирæвæрсыгдæр кæнынæнт. Æнæниз ут, нæ дуне сабыр уæд, алкæмæн дæр уæ йæ хорз бæллицтæ сæхæст кæнын бантысæд!

ГОДЖИАТЫ Еленæ,
Культурæйы кусджыты Æппæтуæрæсеон профцæдисы Цæгат Ирыстоны организацийы сæрдар

Номарæн

Кафты фарны зиууоны кадæн

РЦИ-Аланийы Рахизфарсы районы Фарныхъæуы Культурæйы хæдзары уыд нæ республикæйы фыццаг профессион балетмейстер æмæ хореограф, УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг, Цæгат Ирыстоны адæмон артист УАРЗИАТЫ Хадзысмелы номарæн изæр «Жизнь в танце».



Куыд дипломон куыст, афтæ йæ бацæттæ кодта Культурæйы колледжы театралон хайады студент **Челæхсаты Амандæ**. Архайдтой дзы Культурæйы министрады бæрнон кусджытæ, колледжы разамынд æмæ ахуыргæнджытæ, адæмон кафты академион ансамбль «Алан»-ы аивадон разамонæг æмæ директор, УФ-йы адæмон артист **Къозаты Зелим**, Адæмон сфæлдыстады хæдзары директор **Лалыты Хъазыбег**, йæ хайады сæргъláæуæг **Абайты Азау**, Фарныхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргъláæуæг **Гæлуаты Зауырбег.**

Изæры райдайæны йæ амонджытæ **Елизаветæ Агаркова** æмæ **Гутнаты Мæирбег** бæлвырд радзырдтой Хадзысмелы цард, сфæлдыстад æмæ, нæ республикæйы, нæ бæстæйы адæмон кафт æмæ аивады рæзтмæ цас ахадгæ æвæрæн бахаста, уый тыххæй.

Сценæйы уæрæх экраныл равдыстой Хадзысмелы аивадон сгуыхтыты тыххæй документалон киноныв тæй кадртæ.

— Хадзысмел канд Ирыстон æмæ нæ бæстæйы кафты аивадыл нæ аудыдта, фæлæ ма кодта иртасæн куыст, — дзырдта мыггаджы номæй Уарзиаты Валери. — Арæх иумæ цыдыстæм нæ республикæйы хæххон æмæ быдираг хъæутæм, цæмæй дзы ацæргæ адæмæй фысса æмæ ныв кæна ирон кæфтыты хуызты тыххæй цымыдисаг бæрæггæнæнтæ. Уыдис мыггагыл æнувыд. Куыд хистæр, афтæ йын аргъ кодтам.

Колледжы театралон хайады студент **Дойаты Давид** бакаст Гæджыната Риммæйы фыст æмдзæвгæ номдзыд хореографы тыххæй.

Иуæндæс азы дæргъы Хадзысмелимæ ахуырадон нысанимæ æмбæлд, куыд Сывæллæттæ æмæ фæсивæды сфæлдыстады галуаны литературон къорд «Малусæг»-ы уæнг, ныр газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд уацхæссæг **Гасанты Валери**. Зынд-гонд кафæджы тыххæй бакаст йæхи фыст поэтикон рæнхъытæ.

Сæ курдиат дзы равдыстой Культурæйы колледж æмæ Фарныхъæуы Культурæйы хæдзары адæмон кафты ансамбльты æвзонг архайджытæ æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы вокалон ансамбль «Уацамонгæ».

Номарæн изæр саразæг Челæхсаты Амандæйæн, хъæуы цæрджытæ æмæ уаздзыдæн арфæ ракодта Гæлуаты Зауырбег.

АНВАРАТЫ Валери

Дзырдбыд



Дзуаппытæ 16 мартъийы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ:

1. Уацмыс. 4. Дæрзæг. 7. Æхсæз. 9. Салф. 10. Ирон. 11. Бæрзонд. 12. Æцæг. 15. Зети. 17. Æхсæрдзæн. 18. Агуындæ. 21. Гæххæтт. 23. Зæрдиаг. 26. Лæгхуыз. 29. Олимпиадæ. 31. Æнус. 33. Урок. 36. Дзæнгæл. 37. Быру. 38. Хиуа. 39. Реймс. 40. Лисыри. 41. Тæгæна.

БЫНЫРДÆМ:

1. Уэсгæ. 2. Цыллæ. 3. Сæуæхсид. 4. ...дзыназгæ... . 5. Зорге. 6. Ганди. 8. Созыр. 13. Цыргъгæнæн. 14. Гæбы. 15. Зных. 16. Тыфтырыкъо. 19. Неси. 20. Æлыг. 21. Гуыл. 22. Хъуг. 24. Джос. 25. Асидзури. 27. Æнарæхст. 28. Хъæу. 30. Пенси. 31. Æмбал. 32. Уырыс. 34. Райгæ. 35. Къада.

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Давæг, хуыснæг. 5. Уæрæсейаг республикæйы сæйраг горæт. 7. Гуырысхо, дызæрдыг. 9. Къæйных, налат. 10. Латинаг Америчы паддзахæдтæй иуы сæйраг горæт. 12. Æрмхуд. 14. Химион буаргъæд. 15. Хъæууонхæдзарадон зайæгой. 17. Литературон уацмыс. 19. Æхсæрæг. 23. Арæзтадон æрмæг. 24. Горæт Намибийы. 25. Лыстæг, тасаг бæлас. 27. Адджинаг. 28. Транспорты, фæндаджы хуыз. 33. Буары хай. 35. Хъæддаг сырд. 37. Сæртмих. 38. Горæт Украинæйы. 40. Цæугæдон Ивановойы облæсты. 43. Фыднозт кæнын. 44. Уынгæн йæ иу хай. 45. Хæххон маргъ. 46. Административон центр Китайы.

БЫНЫРДÆМ: 1. Даргъбырынкъджын маргъ. 2. Æлгъыст. 3. Иу чысыл ма ... кæн. 4. Цыхт æмæ ссадæй конд хæринаг. 5. Ныккæнд. 6. Рæстæг, æмгъуыд. 7. Барджыты ерыс. 8. Вæзн, фæтæн. 11. Мил, сæг. 13. Дымгæйы хуыз. 15. Хиирхæфсæн бынат. 16. Буары хай. 17. Донбакæлæн сакъадах Новая Земляйы. 18. Нымæц. 20. Цæрæнбонтæм, мыггагмæ. 21. Советон Цæдисы хицауады сæргъláæуджытæй иу. 22. Хус кæсаг. 26. Ногъ. 27. Цæугæдон Ленинграды облæсты. 29. Сæрыхъуынтæ аивгæнæн. 30. Административон центр Узбекистаны. 31. Æнгæс. 32. Грамматикон хауæн. 34. Мадымад, фыдымад. 36. Дунейы æппæты зæронддæр горæттæй иу. 38. Къуырф тæбæгъ. 39. Бирæ, парахат. 41. Хæбырæгъ, къæндзы. 42. Дзыллæ.

Поэты сагъæс

Ирдигор МАКИ

Цы уыдзæн уæд?..

Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй дзæвгар фæкъаддæр мæргъты нымæц

Атулынц æнкъард хъуыдытæ удыл...
Уымæн бирæ аххосæгтæ ис...
У мæ дзырд ныртæккæ иу фæзындыл,
Кæцыйыл кæнын æрвылбон дис...

Дис та ахæм – чи сайы æрхæндæг...
Чи у æрдзы, царды карздæр знаг,
Уый, фыццагдæр, – адæймаг йæхæдæг,
Чи халы йæ фидæнмæ фæндаг.

Мæргъты рагæй нал уынын мæ кæрты,
Нал хъуысы ныр цас рæстæг сæ зард,
Нал тæхынц мæ алыварс, мæ сæрты...
Охх, кæдæмдæр атахтысты дард...

Искуы ма дзы иу уæддæр фæзыны...
Нал хæрынц мæ рард хæринаг, нал.
Фенын ма сæ хатгай æз мæ фыны
Арвæрдынхуызтæй... Куы-иу, куы-бал...

Нал кæнынц сæ уагъд рæстæг быndзытæ
Раздæртау сæ къæйных тахт, сæ ми.
Нал уынын гæлæбуты пæр-пæртæ;
Туасæны пæрræст-гæпп ма кæм и?..

Нал зарынц мæ алыварс бæлæстыл
Рагуалдзæджы сауцъиутæ æппын.
Раздæрау æз алырæтты, телтыл
Мæргътæн рагæй нал уынын лæппын.

Уæд ды та, зæрватыкк, цæй, цы фæдæ? –
Махыл ды æнувыддæр куы дæ,
Уæд цæмæн ивыс, цæмæн, дæ зæрдæ
Хъæутыл, сахартыл?.. Фæзын! Кæм дæ?..

Терчы былтыл, хъæдрæбынты зилын,
Донхæристæм, къудзитæм кæсын:
Нæй, нæ зары булæмæргъ, – нæ зыны...
Охх, куыд зын у уый тыххæй фыссын...

Ам дæр та, æнхъæлын æз, хъыгагæн, –
Адæймаджы зонд, йæ къух, йæ ми...
Адæймаг – æгъатыр знаг йæ цардæн...
Адæймагæй ма сырддæр кæм и?

Адæймаг йæ фырзыдæй йæ алварс
Басгуыхти фыдгæнæгæй... Фыррæвдз...
Сурынц бонджындæртæ цардæй хурварс:
Тауынц низ, хъылматæ... Халынц æрдз...

Анхъæвзынц æнкъард уылæнтæ удыл...
Аххосæгтæ уымæн – бирæ... Кæс!..
Сбарæм алырдæмты, цæй... Цæрдудыл,
Махыл, æрдз дæр тигъ кæны.... Æркæс!..

Булæмæргъ куы нал зара нæ цинæн,
Диссæгтæн куы нал зонæм сæ рард,
Махæн ма кæм уыдзæни уæд фидæн?
Махæн уæд куыд цæудзæнис нæ цард?!

Адæймаджы алыварс куы нал уой
Диссаджы цæрæгойтæ... Цы уæд?..
Уæд йæхæдæг, – адæймаг-цæрæгой, –
Фесафдзæн йæ царды цыд, йæ фæд.

Чи зоны, кæмæдæрты фæкæсдзæн
Ницæйаг мæ фиппайд... Бар – сæхи,
О, фæлæ нæ карзæй æрдз æрфæрсдзæн...
Алцыдæр уым – баст... Æмæ – йæхи!



РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

БИЦЪОТЫ-ЗÆНДЖИАТЫ
Темырхъаны чызг Ларисæ

кæй амард, уый тыххæй.

Зиан рахæсдзысты хуыцаубоны, 24 мартъийы, Цраугы, Восточнаяйы уынджы 11-æм хæдзарæй.

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ**.
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли**;
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ**.
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ**;
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ**;
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ**;
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ**.

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33**. Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89**. Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19**. Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92**. Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31**. Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54**. Рекламæйы хайады сæргъláæуæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03**. Корректортæ — **25-93-36**, компьютерон цех — **25-93-97**.

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3242.
Заказ № 301.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru